

Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Vandè Danre Anbilan

Èske w ap vann, oswa vle vann manje, nan yon espas piblik tankou lari oswa sou twotwa?

Konsènan Lwa sou Lisans Vandè Danre Anbilan yo:

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) delivre sis (6) kalite Pèmi pou Vann Danre. Gen senk ladan yo se pa Semès (ou dwe renouvle yo chak de lane). Youn se Anyèl (ou dwe renouvle chak ane). Pèmi yo se:

- Tout lan Vil la (manda konplè) (chak Semès):** Moun ki gen pèmi sa yo kapab vann nan tout ri ki nan chak awondisman pandan tout ane a.
 - Gen yon pèmi ki valab pou tout vil lan ki Rezève pou Veteran/moun ki gen Andikap/Veteran ki Enganm yo.
- Espesyalman pou yon Awondisman (Manhattan pa ladan li) (chak Semès):** Moun ki gen pèmi sa yo kapab vann nan tout ri ki nan Bronx, Brooklyn, Queens oswa Staten Island pandan tout ane a.
- Fwi ak Legim (Charyo Vèt) (Espesyalman pou yon Awondisman) (chak Semèn):** Moun ki gen pèmi sa yo kapab vann fwi ak legim fre, dlo, nwa kri ki gen yon konpozan sèlman nan tout ri ki nan chak awondisman pandan tout ane a men pa gendwa vann nan komisarya polis byen detèmine.
- Zòn Aksè Limite nan Tout Vil la (chak Semèn):** Moun ki gen pèmi sa yo kapab vann nan pwopriyete prive yo oswa nan pwopriyete ki sou jiridiksyon Pak Vil New York (NYC Parks). Vann nan pwopriyete prive sa mande pou mèt pwopriyete a bay akò li.
- Espesyal (Rezève pou Veteran ki gen Andikap ak Moun ki sou Kont yo/mari/madanm) (chak Semès):** Moun ki gen pèmi sa yo kapab vann pandan tout ane a men yo pa kapab vann nan Pak Vil New York (NYC Park).
- Sezonye (Pou Tout Vil la sèlman) (chak Ane):** Moun ki gen pèmi sa yo kapab vann nan tout ri ki nan chak awondisman apati Premye (1) avril jiska 31 oktòb.

Remak: Pou jwenn plis enfòmasyon sou pèmi sa yo, ale sou nyc.gov/health

Itilize lis verifikasyon sa a pou jwenn plis enfòmasyon kisa enspektè nou yo ap chache epi ede evite vyolasyon. Pou fasilite ou, chak Kondisyon gen ladan seksyon lwa ak/oswa règ ki enpòtan. Kidonk, ou kapab ale gade li pou jwenn plis enfòmasyon. LEJANN ki anba a dekri sitasyon legal ak senbòl nou itilize nan lis verifikasyon sa a.

Lis verifikasyon sa a pa aplike pou machann danre anbilan k ap vann nan nenpòt Pak Vil New York yo.

LEJANN
<p>NYC Code: Kòd Administratif Vil New York</p> <p>RCNY: Règ nan Vil New York</p> <p>§: Seksyon</p> <p>§§: Seksyon</p>

Kondisyon	Èske ou ranpli kondisyon sa a?
<p>Lisans</p> <p>1 Ou dwe gen yon lisans Vandè Danre Anbilan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) bay.</p> <p>Konsèy: Vann, lwe, oswa vle vann oswa lwe byen ak sèvis, eksepte danre, nan plas piblik gen obligasyon pou gen yon lisans General Vendor Department of Consumer and Worker Protection (DCWP, formerly Consumer Affairs).</p> <p>Konsèy: Pou vann machandiz nan yon Fwa nan Lari yo otorize (egzanp, fwa nan lari, fèt nan katye, oswa festival), sa mande pou gen Temporary Street Fair Vendor Permit DCWP bay.</p> <p>NYC Code §17-307(a)(1)</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Vandè Danre Anbilan

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
2	Charyo oswa machin ou an dwe gen yon lisans Vandè Danre Anbilan ki valid.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-307(b)(1)	
3	Yo dwe mete lisans Vandè Danre Anbilan DOHMH ou an yon fason pou piblik la ak polisye yo kapab wè li san pwoblèm.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-311(b)	
4	Vinyèt ak lèt klasman pou pèmi Vandè Danre Anbilan an dwe kole sou charyo oswa machin lan pou tout moun ansanm ajan lòd yo kapab wè li kote yo parèt la. Konsèy: Pèmi an pa oblije sou non vandè a.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-311(c)	
5	Ou dwe genyen yon pèmi Espesyal pou Vandè pou w ka vann sou twotwa ki pa deyò yon pak.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(i)	
6	Moun ki gen yon pèmi zòn limite nan men yo pa kapab vann nan yon zòn piblik.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-307(b)(1)	
Moun ki gen Pèmi Charyo Vèt		
7	Ou kapab fwi ak legim fre, dlo, oswa nwa kri ki gen yon sèl konpozan.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-307(b)(1)(c)	
8	Ou kapab sèlman vann nan awondisman ak komisarya polis ki sou vinyèt pèmi ou an.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-311(d)	
Adrès		
Zòn ki rezève pou vann ak restriksyon espesifik		
9	Ou pa ka vann nan “Zòn World Trade Center” pa anba (ki gen ladan lari ki pataje fwontyè yo) nan Manhattan: <ul style="list-style-type: none"> • Fwontyè lès: bò lès nan Broadway • Fwontyè sid: bò sid nan Liberty Street • Fwontyè lwès: bò lwès nan West Street • Fwontyè Nò: bò sid nan Barclay Street <i>Eksepsyon:</i> Vandè Danre Anbilan yo kapab vann nan ri sa yo: <ul style="list-style-type: none"> • Broadway ant Barclay Street ak Vesey Street • Kote lès West Street ant Barclay Street ak Vesey Street • Kote Sid Barclay Street ant Church Street ak Broadway 	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(k)(1)	

Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Vandè Danre Anbilan

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
Zòn ki rezève pou vann san eksepsyon		
10	Ou pa ka vann nan zòn sa yo site anba ki nan Manhattan: <ul style="list-style-type: none"> • Greenwich Street ant Liberty Street ak Thames Street • Kote lès West Broadway ant Barclay Street ak Park Place • Liberty Street ant Trinity Place ak West Street • Kote lès West Street ant Liberty Street ak Cedar Street • Kote Lwès Trinity Place ant Liberty Street ak Thames Street 	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(k)(1)	
11	Ou pa ka vann nan yon distans 20 pye ak ba ki gen teras yo oswa estand nan lari, Devan Lokal Biznis, oswa Restoran Piblik.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(d)	
12	Ou pa kapab vann nan yon distans 10 pye sou okenn twotwa ki nan yon entèseksyon, rantre ak sòti metwo, oswa rantre pakin.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(e)	
13	Ou pa ka vann: <ul style="list-style-type: none"> • nan yon estasyon bis oswa taksi oswa sou twotwa a akote yon zòn ki gen yon pano ki di “pa kanpe la” ki tou pre yon lopital • sou yon espas medyàn sòf si medyàn lan se yon sant komèsyal oswa plas pyeton (gen espas pou pyeton mache) 	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §§17-315(e), 17-315(h)	
Anplasman ak Prezantasyon		
14	Ou kapab itilize yon charyo oswa machin sèlman.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-307(b)(1)	
15	Ou dwe kite omwen yon espas 12 pye lajè sou twotwa a pou pyeton yo pase. <p>Konsèy: Yo mezire distans lan soti nan limit pwopriyete a pou rive nan nenpòt obstak sou twotwa a (pa egzanp, pòtchay bisiklèt, bouch ensandi, pano siyalizasyon) oswa, si pa gen okenn obstak, sou bò twotwa a.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(a)	
16	Charyo ou an dwe plase akote twotwa a.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(a)	
17	Charyo ou an, veyikil, machandiz w ap vann yo, epi nenpòt lòt bagay ki gen rapò ak lavant ou a pa kapab kole ak okenn edifis oswa estrikti (pa egzanp, lanpadè, mezi pakin, bwat postal, poto siyalizasyon, bouch ensandi, ankadremman pyebwa, ban, abri pou bis, poubèl fatra, oswa baraj sikilasyon).	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(b)	
18	Ou ka sèlman itilize espas ki anba charyo ou an pou sere oswa mete atik pou vann yo.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(c)	

Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Vandè Danre Anbilan

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
19	Charyo ou an dwe omwen 20 pye distans ak rantre oswa sòti nenpòt edifis.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(d)	
20	Ou dwe yon kouvèti sou charyo ou an ki pou pwoteje danre yo ak ekipman ou yo pou yo pa kontamine.	<input type="checkbox"/> Wi
	Konsèy: Ou ka itilize yon parapli ki ka pliye. 24 RCNY §6-04(o)	
21	Kote ki plis long nan charyo ou an oswa machin ou an dwe paralèl ak epi akote twotwa a.	<input type="checkbox"/> Wi
	24 RCNY §6-06(a)	
Lòt		
22	Si charyo ou an oswa machin ou an nan wout la (pa egzanzp, nan espas pakin), ou dwe swiv tout lwa sikilasyon ak pakin yo.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §17-315(f)	
23	Ou pa kapab vann nan yon pakin ki gen kontè.	<input type="checkbox"/> Wi
	34 RCNY §4-08(h)(7)	
Afichaj Pri		
24	Pou tout atik w ap vann, yo dwe gen pri sou yo, san konte taks, jan yo di sa a: • Sou atik endividyèl la ak yon kupon, etikèt oswa badj. OUBYEN • Sou yon afich ki vizib klèman kote atik la afiche a.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §20-708	
Fatra		
25	Ou pa kapab mete fatra nan lari a.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §16-118	
26	Ou pa kapab jete fatra nan poubèl piblik yo.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Health Code, 24 RCNY Art. 89.25(a)	
27	Pa kite likid, fatra, oswa danre ki sòti nan charyo ou oswa veyikil ou an tonbe atè a.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Health Code, 24 RCNY Art. 89.25(c)	

Pou jwenn plis enfòmasyon: **Ale sou** nyc.gov/BusinessToolbox | **Rele 311** (212) NEW-YORK (An deyò Vil New York)

Dokiman sa a se pou rezon enfòmasyon sèlman, li pa konplè, epi li pa konstitye konsèy legal. Biznis Vil New York dwe konfòme yo avèk tout lwa ak règleman federal, Leta, ak Minisipal ki enpòtan yo. Biznis yo responsab pou konnen ak konfòme yo avèk reglemantasyon aktyèl ki afekte biznis yo a.